

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonésia kaasup Nagara anu beunghar ku budaya. Asal kabudayaan di Indonésia nya éta ide, pola pikir, jeung bentuk prilaku béda-béda anu mekar jadi kabudayaan Indonesia. Salian ide, pola pikir, jeung prilaku, hal séjén anu jadi muasal kebudayaan di Indonésia nya éta ajén, moral, norma, jeung kayakinan anu dipercaya sarta digunakeun dina kahirupan sapopoé.

Masing-masing étnik miboga ciri anu mandiri, kitu ogé étnik Sunda salaku sélér nagara anu jadi sumber kabudayaan nasional mibanda ciri anu mandiri. Ciri éta katinggali dina tempat atawa géografis tempat dumuk masarakat Sunda anu disebut Pasundan atawa padumukan urang Sunda. Salian ti ciri géografis, ciri urang Sunda ogé miboga ciri mandiri dina sistem réligi, sistem kekerabatan, kesenian, jeung adat istiadat.

Salah sahiji kaunikan dina adat istiadat urang Sunda nya éta adat kawinan. Upacara adat kawinan Sunda jeung ritualna mibanda harti husus pikeun masarakat anu percaya jeung anu ngalaksanakeuna.

Adat kawinan anu di jerona dilaksanakeun ritual sawér mangrupa hiji budaya anu pinuh ku atikan pikeun hirup kumbuh di lingkungan masarakat. Atikan hirup dina ritual sawér, diwujudkeun dina simbol anu dipaké ogé dina kawih anu biasa dikawihkeun kujuru kawih. Dina rumpaka sawér, nyangkaruk unsur sastra anu jero. Hal éta jadi dasar yén atikan anu aya dina ritual sawér bisa dilarapkeun kana dunya atikan atawa pangajaran, meunang lahan dina kurikulum sangkan diajarkeun di sakola-sakola ti mimiti Taman Kanak-Kanak tepi ka SMA jeung SMK luyu kana fungsi sawér salaku bagian tina budaya anu ngabentuk karakter manusa.

Sawér téh tangtu dumasar kana rumpaka anu ditulis ku juru kawih. Rumpaka sawér ditilik tina wangunna, kaasup kana wangun sastra nya éta puisi luyu jeung pedaran Isnendes (2010, kc. 22) yén sastra Sunda diwengku ku wangun, warna, jeung wanda. Wangun nya éta klasifikasi dumasar kana gunggungan wujudna, warna nya éta klasifikasi dumasar kana période

mangsa/waktu sastra gelarna, wanda nya éta klasifikasi *dumasar* média nu dipaké pikeun nepikanana. Wangun (karya) sastra Sunda aya tilu rupa, nya éta prosa, puisi jeung drama.

Niténan pedaran Isnendes, bisa dikanyahoikeun yén karya sastra ngawengku basa anu jadi média pikeun nepikeun eusi. Cara nganyahoikeun eusi basa dina rumpaka tangtu kudu dibaca kalawan gemet. Nalika maca karya sastra, jalma anu maca kudu dina sikep anu husu jeung dina kaayaan anu gumbira. Perluna dua sikep éta sabab karya sastra lahir tina kompleksitas daya kontemplasi batin pangarang, pikeun maham kana eusi éta karya tangtu perlu daya kontempalsi batin anu maca.

Masalah anu aya di kalolobaan sakola, aprésiasi sastra hususna aprésiasi rumpaka sawér acan bisa diajarkeun maksimal ku guru-guru jeung condong teu ngajak siswa dina prosés aprésiasi luyu jeung pedaran Sayuti (1985, kc. 1) yén di sakola, pangajaran sastra leuwih condong kana pangajaran anu sipatna téori jeung sajarah sastra, teu ngajak siswa langsung adu hareupan jeung karya sastra.

Masalah séjén anu dirandapan ku guru-guru pangajar sastra di sakola ogé anu jadi sabab sastra acan bisa diajarkeun kalawan maksimal nya éta kurangka bahan ajar. Guru masih gumantung pisan kan buku pakét. Ngeunaan hal ieu, Rusyana (1984, kc. 15) nétélakeun yén sumber bahan ajar sastra lain wungkul buku pakét, tapi sakabéh karya sastra anu bisa dijadikeun bahan pangajaran. Dumasar kana pertélaan éta, jelas guru ditungtut kudu mampu milih bahan ajar anu luyu jeung siswa sangkan teu kapatok ku buku pakét.

Pakait jeung pedaran di luhur, dina ngajarkeun matéri rumpaka sawér, guru kudu mampu milih rumpaka sawér anu luyu jeung tujuan pangajaran, néangan bahan ajar anu pariatip. Salah sahiji sarat karya sastra dipilih jadi bahan ajar nya éta karya sastra anu mibanda ajén atikan kahirupan luyu jeung pedaran Sumardjo jeung Saini KM (1988, kc. 5) yén karya sastra nu alus nya éta karya sastra anu mibanda ajén atikan kahirupan.

Rumpaka sawér salaku wangun karya sastra, jadi salah sahiji poko bahasan anu dibikeun ka siswa di sakola mibanda atikan luhung pikeun kahirupan. Ku diajar sastra, nyatana éta rumpaka sawér, siswa diharepkeun miboga pangalaman jeung pangarti ngaaprésiasi sastra luyu jeung pedaran Endraswara (2004, kc. 4)

yén tujuan utama pangajaran sastra téh nya éta supaya siswa mibanda pangalaman nyastra. Cindekna, ku pangalaman nyastra, diharepkeun siswa biasa nyutat ajén atikan anu nyangkaruk dina rumpaka sawér pikeun larapkeuneun dina kahirupan sapopoé.

Salah sahiji cara pikeun nganyahoikeun atikan anu nyangkaruk dina rumpaka sawér nya éta kunalungtik unsur sémiotik jeung ajén atikan ditilik tina ulikan étnopédagogikna.

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu dipedar di luhur, panalungtik ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan unsur sémiotik dina adat kawinan Sunda. Hasil panalungtikan anu panalungtik laksanakeun disusun tur dilaporkeun dina bentuk karya tulis ilmiah mangrupa tésis kalawan judul “Rumpaka Sawér Pangantén Adat Sunda di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP kelas VIII (ulikan Sémiotik jeung Étnopédagogik)”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang, masalah anu baris dipedar diidéntifikasikeun sangkan bisa museur kana ieu panalungtikan nya éta ngeunaan unsur sémiotik jeung étnopédagogik anu nyangkaruk dina rumpaka sawér pangantén di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya, sarta luyu henteu ieu hasil panalungtikan dijadikeun bahan ajar basa Sunda di SMP kelas VIII. Unsur sémiotik dumasar kana kode-kode éta anu jadi kasangtukang makna dina karya sastra anu dipedar ku Rollan Bartes, nya éta kode hermeneutik, proairetik, semantik, simbolik, jeung budaya.

Ajén étnopédagogik anu dimaksud ngawengku: 1) konsép silih asih, 2) konsép silih asah, 3) konsép silih asuh, 4) pengkuh kana agama, 5) luhung élmu, 6) kawijaksanaan, 7) rancagé gawé.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun dina kalimah pananya di handap:

- 1) Kumaha déskripsi struktur jeung unsur sémiotik rumpaka sawér pangantén di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya?
- 2) Kumaha deskripsi ajén étnopédagogik dina rumpaka sawér pangantén di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya?
- 3) Luyu henteu ieu hasil panalungtikan dijadikeun bahan ajar basa Sunda di SMP kelas VIII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan dilaksanakeuna panalungtikan ieu nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun unsur sémiotik jeung étnopédagogik dina rumpaka sawér pangantén adat Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nya éta di handap ieu.

- 1) Pikeun nganyahokeun jeung ngadéskripsikeun struktur jeung unsur sémiotik naon waé dina rumpaka sawér pangantén di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya.
- 2) Pikeun nganyahokeun jeung ngadéskripsikeun unsur étnopédagogik naon waé dina rumpaka sawér pangantén di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya.
- 3) Pikeun nganyahokeun jeung ngadéskripsikeun luyu henteuna ieu hasil panalungtikan dijadikeun bahan ajar basa Sunda di SMP kelas VIII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Bisa ngamekarkeun pangaweruh ngeunaan sawér pangantén.

- 2) Bisa nganyahoikeun struktur jeung unsur sémiotik dina sawér pangantén adat Sunda di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya.
- 3) Bisa nganyahoikeun ajén atikan dina sawér pangantén adat Sunda di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Pikeun bahan pangajaran maca dina ngajarkeun basa Sunda hususna dina medar pedaran sastra Sunda.
- 2) Pikeun ngajawab patalékan ngeunaan masalah-masalah unsur sémiotik jeung étnopédagogik sawér pangantén adat Sunda di Désa Manonjaya Kecamatan Manonjaya Kabupatén Tasikmalaya dina jadi bahan pangajaran aprésiasi sastra di SMP keas VIII.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina nyusun ieu tésis ngawengku lima bab, nya éta: Bab I bubuka; medar kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Bab II; medar sababaraha tiori anu dipaké dasar dina ngalakukeun panalungtikan. Di antarana ngeunaan puisi sunda, puisi sawér, struktur puisi, sémiotik, étnopédagogik, jeung hakékat bahan ajar. Kitu ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir. Bab III; medar rancangan panalungtikan anu digunakeun. Panalungtikan ieu ngagunakeun pamarekan kualitatip nu sipatna déskriptip analisis. Ieu medar désain panalungtikan, téhnik panalungtikan, data jeung sumber panalungtikan, instrumén panalungtikan jeung terahir téhnik nangtukeun sampel panalungtikan. Bab IV; medar hal anu kapanggih nalika nalungtik rumpaka sawér. Data anu kapanggih dianalisis terus didéskripsikeun dina pedaran tiap instrumén panalungtikan. Bab V; medar kacindekan, implikasi, jeung saran. Dina kacindekan, dibahas hasil ulikan dumasar kana rumusan masalah anu disusun dina bab I.